


**DOE Homecoming 2021**

# Angajman nou pou sante w ak sekirite w

OUT 2021



## Out 2021

Nou kontan pou akeyi elèv ou a ankò nan bilding lekòl yo Lendi 13 septanm 2021 an! Nou konnen pa gen anyen pi bon pou aprantisaj elèv pase fas-a-fas nan yon salklas avèk yon edikatè devwe ak sousye — epi pwofesè, direktè lekòl, ak estaf lekòl nou yo pa ka tann pou akeyi w yon lòt fwa pou yon ane enteresan pou aprann, konekte, ak kreye kominote.

Pandan n ap prepare pou pitit ou a tounen lekòl, nou ta renmen pataje enfòmasyon sou bonjan prekosyon sante ak sekirite ki pral anplas nan lekòl Vil Nouyòk pou sipòte yon eksperyans aprantisaj anpèsòn san danje ak an sante pou tout moun. Anpil nan mezi sa yo se yo ki te fè bilding nou yo pami kote ki pi an sekirite ou te ka ye pandan pandemi an, epi sa ede nou fini ane pase a avèk jis yon pousantaj 0.03% ka pozitif COVID-19 . Gid sa a gen ladan tou konsèy pou fanmi pandan w ap prepare pitit ou a pou retounen lekòl otòn sa a.

Nou pran angajman pou kontinye ak amelyore mezi sante ak sekirite nou yo pou asire ke nou ap fè tout sa nou kapab pou kreye kondisyon nan bilding nou yo ak salklas ki kenbe elèv nou yo an sekirite. Efò n ap fè, ladan obligasyon vaksinasyon nou mande pou tout estaf nou yo, se mezi enpòtan n ap pran pou kenbe rekò pousantaj ka pozitif ak transmisyon ki byen ba nan lekòl nou yo.

Nou pa ka tann pou nou lanse "Ane Retou" sa a ak kolaore avèk ou pandan tout ane a pou asire pitit ou a gen pi bon eksperyans aprantisaj – yon ekperyans kote yo santi yo byen akeyi yo, yo konprann yo, ak kontan pou yo aprann avèk tout posibilite yo devan yo.

Nan kolaborasyon,



**Meisha Porter**

*Chanselye*

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk



## Contents

<b>Avan ane lekòl la kòmanse</b>	<b>4</b>
<i>Vaksen COVID-19 pou timoun ki gen laj 12 ane pou pi piti</i>	4
<i>Bay konsantman pou tè COVID-19</i>	5
<b>Sante ak sekirite nan lekòl nou yo</b>	<b>5</b>
<i>Vaksinasyon</i>	5
<i>Depistaj pwoblèm sante</i>	5
<i>Kouvèti pou figi ak ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE)</i>	6
<i>Distans fizik nan lekòl</i>	6
<i>Vantilasyon</i>	7
<i>Netwayaj</i>	7
<i>Aprantisaj deyò ap kontinye</i>	7
<i>Tès COVID-19 nan lekòl</i>	7
<i>Ka pozitif Covid-19 nan lekòl</i>	8
<b>Enstriksyon ki nesèsè pou rezon medikal</b>	<b>9</b>
<b>Lòt enfòmasyon enpòtan</b>	<b>10</b>
<i>Enskripsyon</i>	10
<i>Kont Lekòl Vil Nouyòk</i>	10
<i>Aksè nan lang</i>	10
<i>Kalandriye ane lekòl 2021-2022</i>	10

## Avan ane lekòl la kòmanse

Pandan fanmi ap prepare pou 13 septanm, yo ta dwe pran de aksyon enpòtan avan ane lekòl la kòmanse:

1. **Vaksinè pitit ou yo si yo gen laj 12 ane oswa plis**
2. **Voye konsantman pou tè COVID-19**

### Vaksen COVID-19 pou timoun ki gen laj 12 ane pou pi piti

Vaksinasyon se etap ki pi enpòtan ou ka pran pou pwoteje oumenm ak fanmi ou kont COVID-19 epi tout moun ki abite Nouyòk ki gen laj 12 ane pou pi piti elijib kounye a pou resevwa vaksen COVID-19 la.

**Vaksinasyon an san danje, gratis, epi li disponib pou ou kèlkeswa sityasyon imigrasyon w.**

Si ou gen yon timoun ki gen omwen 12 zan, Depatman Sante ak Ijyèn Mantal ak Depatman Edikasyon Vil Nouyòk ankouraje w pou pran yon randevou vaksinasyon pou li pi vit posib lè w ale nan [vaccinefinder.nyc.gov](https://vaccinefinder.nyc.gov).

**Ou ka telefone tou 877-VAX-4-NYC (877-829-4692)** pou jwenn èd pou mete yon randevou nan lokal vaksinasyon vil la ap jere yo. Anpil lokal kounye a pa bezwen randevou.

Pou jwenn repons kesyon moun poze souvan (FAQ) sou vaksen COVID-19 la, ale nan [nyc.gov/vaccinefacts](https://nyc.gov/vaccinefacts).

### Règleman vaksinasyon pou Lig atlèt lekòl leta (PSAL)

Vaksinasyon kont COVID-19 pral **obligatwa** ane sa a pou elèv ak estaf k a ap patisipe nan espò Lig atlèt lekòl leta (Public School Athletic League, PSAL) ke yo konsidere ki gen gwo risk posib pou transmisyon COVID-19. Espò ki prezante gwo risk gen ladan football, volleyball, basketball, wrestling, lacrosse, stunt, ak rugby. Vaksinasyon ap obligatwa tou pou patisipasyon nan bowling, paske li fèt nan lokal ki mande pou pran vaksen an.

Moun k ap patisipe nan espò ki gen anpil risk pou otòn sa a dwe pran premye dòz vaksen COVID-19 yo avan premye jou y ap jwe nan konpetisyon an, sa ki varye selon espò a. Patisipan PSAL pou sezon ivè ak sezon prentan gen jiska rive kòmansman sezon an pou yo konsidere yo kòm moun ki deja pran tout dòz vaksen yo. Pou plis enfòmasyon sou pwotokòl sante ak sekirite pou PSAL pou ane lekòl 2021-22 a, tanpri ale nan [schools.nyc.gov/PSAL](https://schools.nyc.gov/PSAL).

## Bay konsantman pou tès COVID-19

Li enpòtan pou ou bay konsantman pou pitit ou a patisipe nan pwogram tès nan lekòl la. Ou ka ranpli fòm konsantman pou tès la nan Kont Lekòl NYC (NYCSA) ou oswa download yon vèsyon ou ka enprime nan [schools.nyc.gov/covidtesting](https://schools.nyc.gov/covidtesting). Ou pa gen yon kont lekòl NYC? Aprann kòman pou kòmanse nan [schools.nyc.gov/NYCSA](https://schools.nyc.gov/NYCSA).

## Sante ak sekirite nan lekòl nou yo

---

Lekòl pitit ou a ap pran anpil prekosyon enpòtan pou ede kenbe elèv ak estaf yo an sante ak an sekirite ane lekòl sa a. Sa gen ladan:

### Vaksinasyon

Tout anplwaye DOE, ladan estaf nan lekòl, ap oblije pran vaksen an. Estaf DOE yo pral oblije bay prèv ke yo te resevwa omwen yon dòz vaksinasyon COVID-19 la avan 27 septanm 2021.

Nou vrèman ankouraje vaksinasyon pou tout elèv ki gen laj 12 ane omwen. Ale sou [vaccinefinder.nyc.gov](https://vaccinefinder.nyc.gov) pou w jwenn plis enfòmasyon.

### Depistaj pwoblèm sante

Chak elèv akmanm estaf la dwe ranpli Fòm Depistaj Sante a ([healthscreening.schools.nyc](https://healthscreening.schools.nyc)) avan yo antre nan bilding lekòl la chak jou. Nenpòt moun k ap antre nan bilding lan dwe konfime ke yo pa gen okenn sentòm COVID-19, yo pa fèk teste pozitif, epi yo pa oblije kounye a akarantèn poutèt yo te gen kontak sere avèk yon moun ki enfekte. Si ou bezwen yon tèmomèt pou tcheke lafyè, ou ka mande youn nan lekòl ou a.

Si yon elèv oswa yon manm pèsònèl la santi li malad, li dwe rete lakay li epi fè tès, ki se yon fason efikas pou pwoteje tout kominote lekòl la. Chak lekòl ap gen yon enfimyè sou plas ke elèv yo ka al wè si yo santi yo malad.

## Kouvèti pou figi ak ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE)

Tout elèv ak estaf dwe gen yon bagay ki kouvri figi yo lè y ap monte nan otobis lekòl yo ak nenpòt kote sou pwopriyete lekòl la, andedan ak deyò, kèlkeswa kondisyon vaksinasyon yo, sofsi yo gen yon dispans medikal. Ou bliye mask ou? Pa gen pwoblèm—chak lekòl ap gen yon rezèv mask disponib pou timoun ak adilt.

Pandan manje midi, elèv ka retire mask yo pou yo ka manje alèz nan yon distans ki pa prezante danje youn pou lòt. Yo ka retire mask yo tou pandan moman "repo mask" y ap bay, kote elèv ap kenbe distans fizik youn ak lòt.

Pou elèv ki pa kapab tolere mask pou yon rezon medikal, y ap ba yo yon lòt akomodasyon altènatif.

Ap gen dezenfektan pou men disponib nan chak salklas.

## Distans fizik nan lekòl

Distans fizik se yon lòt pati enpòtan nan estrateji plizè nivo nou an pou kenbe kominote lekòl nou yo an sekirite. Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) "rekòmande lekòl yo kenbe omwen 3 pye distans fizik ant elèv ki nan salklas yo pou diminye risk transmisyon.

Lè li pa posib pou kenbe yon distans fizik omwen 3 pye, tankou lè lekòl pa ka re-ouvri avèk tout elèv li si y ap kenbe distans sa yo, li espesyalman enpòtan pou mete plizyè lòt kouch estrateji prevansyon, tankou tès depistaj." Anplis, depi sa posib, lekòl primè yo ap kenbe gwoup elèv ansanm tout tan oswa yo pral fè se pwofesè ki deplase ale nan klas yo pou asire elèv fè mwens deplasman posib. Li enpòtan pou konnen CDC mete aksan ke lekòl pa ta dwe refize elèv patisipe nan aprantisaj anpèsòn jis pou kenbe yon kondisyon distans minimòm.

Pandan sèvis repa, lekòl yo ap itilize espas deyò ak espas anplis nan bilding lekòl yo kote sa posib pou respekte distans fizik. Yo ka sèvi manje nan plizyè kote ak pandan plizyè peryòd tan.

## Vantilasyon

Bon vantilasyon esansyèl pou anpeche COVID-19. Pandan ane edmi ki sot pase a, yo te enspekte, mete ajou, ak repare vantilasyon nan chak salklas atravè vil la jan sa nesesè. Chak sal DOE elèv ak anplwaye itilize pou peryòd tan pwolonje ap gen vantilasyon k ap mache san pwoblèm swa nan mwayen natirèl, mekanik, oswa nan mwayen plizyè konbinezon.

Kòm yon prekosyon anplis, yo te bay chak salklas atravè Vil Nouyòk de pirifikatè HEPA. Yo pral bay kafeterya pi gwo lekòl gwo aparèy HEPA pou plis pwoteksyon ak vantilatè nan fenèt ki rale lè a pou sikilasyon lè anplis, epi n ap kontinye ogmante vantilasyon nan salklas ak lekòl yo. Mezi sa yo satisfè oswa depase konsèy CDC a.

Ou ka tcheke kondisyon vantilasyon lekòl pitit ou a sou entènèt: antre non lekòl la oswa adrès li nan [nycenet.edu/schoolsearch](https://nycenet.edu/schoolsearch) pou chèche paj enfòmasyon lekòl ou a, ki gen ladan yon seksyon sou enfòmasyon sou vantilasyon bilding lan. Si yon sal nan lekòl pitit ou a pa gen bon jan vantilasyon, yo pap itilize l.

## Netwayaj

Tout salklas ak zòn komen yo, tankou oditoryòm ak jimnazyòm ap gen dezenfektan men ak ti sèvyèt dezenfektan ki disponib. "Kote yo manyen anpil" tankou manch pòt ak fontèn dlo, yo pral netwaye yo plizyè fwa pandan tout jounen an, epi yo pral byen netwaye ak dezenfekte chak salklas an pwofondè chak jou avèk teknoloji elektwostatik.

## Aprantisaj deyò ap kontinye

Ane pase, 840 lekòl te pran avantaj inisyativ tou nèf Aprantisaj Deyò pou elaji "salklas" elèv yo. Lekòl ap kontinye itilize lakou lekòl yo, espas nan lari, ak pak pou bay plis espas pou aprantisaj. Lekòl ki nan zòn ki pi frape avèk COVID-19 yo ap kontinye resevwa priyorite pou pwogram lan.

## Tès COVID-19 nan lekòl

Tès regilye COVID-19 bay kominote lekòl yo ak ekspè nan sante piblik bonjan enfòmasyon. Pou nou kontinye pratik sekirite ki fè siksè ane pase a, pral gen tès regilye pou COVID-19 nan lekòl nou yo.

Chak lekòl ap teste dis pousan nan moun ki pa vaksinen ki te bay konsantman pou tès nan popilasyon lekòl yo, chak de semèn.

Fason sa a, si gen yon ka pozitif, yo ka pran aksyon tousuit pou pwoteje kominote lekòl la. Li pa obligatwa pou elèv ak estaf ki fin pran tout vaksen yo fè tès.

Li enpòtan pou ou bay konsantman pou pitit ou a patisipe nan pwogram tès nan lekòl la. Ou ka ranpli fòm lan nan Kont Lekòl NYC (NYCSA) ou oswa download fòm lan sou entènèt nan [schools.nyc.gov/covidtesting](https://schools.nyc.gov/covidtesting). Ou pa gen yon kont lekòl NYC? Aprann kòman pou kòmanse nan [schools.nyc.gov/NYCSA](https://schools.nyc.gov/NYCSA).

## Ka pozitif Covid-19 nan lekòl

Nou konnen kijan li enpòtan pou kenbe lekòl ak salklas nou yo ouvri pou aprantisaj, epi nou fè tout sa nou kapab pou asire salklas nou yo gen ekipman kòm anviwònman aprantisaj san danje, ladan obligasyon pou tout estaf pran vaksen an epi asire ogmantasyon vantilasyon nan tout bilding lekòl ak salklas. Mezi sa yo vle di pral gen mwens deranjman nan edikasyon pitit ou a.

Gen dwa gen kèk lè yo mande pitit ou a pou ale nan karantèn akòz li te ekspoze avèk COVID-19. Men pwotokòl karantèn pou elèv ki nan:

- **Lekòl primè:** Nan ka gen yon ka pozitif nan yon salklas, y ap mande tout elèv nan klas la pou ale nan karantèn pou 10 jou kalandriye. Elèv ap kontinye resevwa enstriksyon pandan yo nan karantèn.
- **Lekòl presegondè ak segondè:** Nan ka gen yon ka pozitif nan yon salklas, elèv ki:
  - **Gen omwen laj 12 ane, vaksinen, epi ki pa montre okenn sentòm** ap kontinye vin lekòl anpèsòn. Pa mezi anpil prekosyon, yo ankouraje elèv sa yo pran yon tès COVID-19, 3 a 5 jou apre yo te ekspoze a.
  - **Omwen 12 zan, vaksinen, epi ki montre sentòm**, y ap mande yo pou ale nan karantèn pou 10 jou kalandriye. Elèv sa yo ap gen aksè nan aprantisaj adistans pandan yo nan karantèn.
  - Pa vaksinen, y ap mande yo pou ale nan karantèn pou 10 jou kalandriye. Elèv sa yo ap kontinye aprantisaj yo adistans. Nan 5yèm jou karantèn yo, elèv ka pran yon tès COVID-19, epi si rezilta a negatif, yo ka retounen nan lekòl la anpèsòn apre 7yèm jou a.

Lekòl ap fèmen sèlman lè Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (DOHMH) detèmine transmisyon an gaye nan lekòl la. Avèk mezi sante ak sekirite an plas, nou espere nou p ap gen pou fèmen lekòl anpil.



## Enstriksyon ki nesesè pou rezon medikal

Chak ane, gen kèk elèv ki gen kondisyon medikal ki nesesite sèvis edikasyon pwovizwa andeyò bilding lekòl la. Yo ofri sèvis sa yo pou timoun ki gen laj lekòl (soti 3K rive klas 12yèm ane) nan tout senk borough yo, epi yo ka gen ladan enstriksyon endividyèl anpèsòn avèk yon pwofesè sètifye, oswa enstriksyon endividyèl ak an ti gwoup atravè platfòm dijital.

Lè yo pran COVID-19 an konsiderasyon, Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk (DOHMH) detèmine yo ka apwouve elèv ki gen youn nan kondisyon sa yo pou enstriksyon lakay yo:

- Kansè ki aktif
- Maladi ren kwonik
- Anemi falsifòm
- Maladi Gastro/Crohn
- Talasemi
- Lisemi
- Twoub metabolik
- Kondisyon kè
- Distwofi miskilè
- Twoub sirenal
- Fibwoz kistik
- Maladi fwa
- Timè
- Maladi poumon konjenital
- Kondisyon kè konjenital
- Lenfòm (Lymphoma)
- Ataksi serebral (Cerebral ataxia)
- Kriz
- Estwok
- Esklewoz anlak (Multiple Sclerosis)

Nenpòt fanmi ki gen yon elèv sistèm iminitè li konpwomi akòz yon kondisyon medikal oswa tretman pou yon kondisyon medikal, ka aplike pou enstriksyon ki nesesè pou rezon medikal. Y ap evalye aplikasyon fanmi ki gen nenpòt kondisyon ki pa nan lis la pou detèmine si yo elijib.

Pou plis enfòmasyon sou pwosesis aplikasyon an ak elijiblite, tanpri ale nan [homeinstructions.com](https://www.schools.nyc.gov/homeinstructions).

## Lòt enfòmasyon enpòtan

### Enskripsyon

Ou fèk ap antre nan lekòl leta Vil Nouyòk, oswa ou bezwen èd avèk pwosesis enskripsyon an? Ale nan [schools.nyc.gov/newstudents](https://schools.nyc.gov/newstudents) pou enfòmasyon detaye sou enskripsyon nan lekòl leta Vil Nouyòk pou klas 3-K jiska 12yèm ane.

### Kont Lekòl Vil Nouyòk

Asire w ke lekòl ou a ka jwenn ou pou enfòmasyon enpòtan ak alèt lè w mete enfòmasyon kontak ou ajou nan Kont Lekòl NYC (NYCSA) ou a. Si ou pa gen yon Kont Lekòl NYC, ou ka enskri pou yon kont lè ou antre kèk detay debaz. Sa pral pèmèt ou kòmanse resevwa avi ki soti nan DOE. Jwenn plis enfòmasyon sou Kont Lekòl Vil Nouyòk ak sou kijan pou kreye yon kont epi konfime enfòmasyon ou nan [schools.nyc.gov/NYCSA](https://schools.nyc.gov/NYCSA).

### Aksè nan lang

Paran gen dwa pou resevwa enfòmasyon oswa kominikasyon avèk yon manm estaf nan lekòl yo oswa nan biwo DOE nan lang yo pale a. Si oumenm oswa yon lòt moun bezwen èd, fè direktè oswa kowòdonatè paran lekòl ou a konnen, rele DOE nan **(718) 935-2013** oswa imèl [Hello@schools.nyc.gov](mailto:Hello@schools.nyc.gov). Ou ka jwenn plis enfòmasyon ak resous enpòtan, ladan Gid paran pou aksè nan lang, nan Lekòl leta NYC pale lang ou: [schools.nyc.gov/hello](https://schools.nyc.gov/hello).

### Kalandriye ane lekòl 2021-2022

Sa a se kalandriye ane lekòl 2021-22 pou tout lekòl leta K–12 NYCDOE. Si pitit ou a nan yon lekòl prive, pawasyal oswa lekòl charter, tanpri kontakte lekòl pitit ou a pou jwenn enfòmasyon sou kalandriye a. Tanpri suiv rapèl sa yo:

- 2 novanm, Jounen eleksyon, se pral yon jou aprantisaj adistans total asenkwon pou tout elèv.
- Nan "Jou nèj" oswa jou lè bilding lekòl yo fèmen akòz ijans, tout elèv ak fanmi ta dwe planifye pou patisipe nan aprantisaj adistans.
- Dat konferans pwofesè-paran yo pa definitif. Tanpri konfime avèk lekòl endividyèl ou yo paske dat yo ka diferan avèk sa ki pi ba yo.

DAT	JOU LASEMÈN	AKTIVITE
13 septanm	Lendi	Premye jou lekòl pou elèv
16 septanm	Jedi	<b>Yom Kippur</b> , lekòl fèmèn
11 oktòb	Lendi	<b>Jou eritaj italyen/Jou moun endijèn</b> , lekòl fèmèn
2 novanm	Madi	<b>Jou eleksyon</b> , enstriksyon asenkwon totalman adistans
3 novanm	Mèkredi	Konferans pwofesè-paran pou lekòl primè ak lekòl ki gen klas K–8yèm ane.
4 novanm	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aprèmidi pou lekòl primè ak lekòl K–8; y ap lage elèv nan lekòl sa yo twazèdtan alavans.
10 novanm	Mèkredi	Konferans pwofesè-paran nan aswè pou lekòl segondè, lekòl ki gen klas K–12, ak lekòl ki gen klas 6-12.
11 novanm	Jedi	<b>Jou Veteran</b> , lekòl fèmèn
12 novanm	Vandredi	Konferans paran-pwofesè nan aprèmidi pou lekòl segondè, lekòl ki gen klas K-12 ak 6–12; y ap lage elèv nan lekòl sa yo twazèdtan alavans.
17 novanm	Mèkredi	Konferans pwofesè-paran pou lekòl presegondè ak pwogram lekòl distri 75.
18 novanm	Jedi	Konferans nan aprèmidi pou lekòl presegondè ak pwogram lekòl distri 75; y ap lage elèv nan lekòl sa yo twazèdtan alavans
25-26 novanm	Jedi-Vandredi	Vakans Thanksgiving, lekòl fèmèn
24 – 31 desanm	Vandredi - Vandredi	Vakans Ivè, lekòl fèmèn

DAT	JOU LASEMÈN	AKTIVITE
17 janvye	Lendi	<b>Jou Rev. Dr. Martin Luther King Jr.</b> , lekòl fèmèn
25 – 28 janvye	Madi - Vandredi	Egzamen Regents
31 janvye	Lendi	Jounen fòmasyon pwofesyonèl pou lekòl 9–12 ak 6–12; pa gen lekòl pou elèv nan lekòl sa yo.
1ye fevriye	Madi	<b>Nouvèl ane dapre lalin (<i>Lunar New Year</i>)</b> ,, lekòl fèmèn
2 fevriye	Mèkredi	Tèm prentan kòmanse pou lekòl ki gen modèl semès
21 – 25 fevriye	Lendi–Vandredi	Vakans mwatye Ivè: lekòl fèmèn
2 mas	Mèkredi	Konferans pwofesè-paran pou lekòl primè ak lekòl ki gen klas K–8yèm ane.
3 mas	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aprèmidi pou lekòl primè ak lekòl K–8; y ap lage elèv nan lekòl sa yo twazèdtan alavans.
9 mas	Mèkredi	Konferans pwofesè-paran pou lekòl presegondè ak pwogram lekòl distri 75.
10 mas	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aprèmidi pou lekòl presegondè ak pou pwogram lekòl distri 75; y ap lage elèv nan lekòl sa yo twazèdtan alavans.
16 mas	Mèkredi	Konferans pwofesè-paran nan aswè pou lekòl segondè, lekòl ki gen klas K–12, ak lekòl ki gen klas 6-12.
18 mas	Vandredi	Konferans paran-pwofesè nan aprèmidi pou lekòl segondè, lekòl ki gen klas K-12 ak 6–12; y ap lage elèv nan lekòl sa yo twazèdtan alavans.
29 – 31 mas	Madi-Jedi	Egzamen ELA pou klas 3–8yèm ane

DAT	JOU LASEMÈN	AKTIVITE
15 – 22 avril	Vandredi - Vandredi	Vakans prentan (ladan <b>Vandredi Sen</b> ak <b>Passover</b> ), lekòl fèmèn
26 –28 avril	Madi-Jedi	Egzamen Matematik pou klas 3–8yèm ane
2 me	Lendi	<b>Eid al-Fitr</b> , lekòl fèmèn
30 me	Lendi	<b>Memorial Day</b> , lekòl fèmèn
7 jen	Madi	Jou Clerical Day pou lekòl K–5, K–6, 6–8, ak K–12 ak pou pwogram D75; pa gen lekòl pou elèv nan lekòl sa yo.
9 jen	Jedi	Jou anivèsè, Jou konferans Chanselye pou fòmasyon anplwaye, elèv pa gen pou al lekòl jou sa a
15 – 24 jen	Mèkredi–Vandredi	Egzamen Regents
20 jen	Lendi	<b>Juneteenth</b> (konje), lekòl fèmèn
27 jen	Lendi	Dènye jou lekòl pou elèv

Jwenn fichye ou ka enprime nan plizyè lang pou ane akademik 2021–22 a nan [schools.nyc.gov/calendar](https://schools.nyc.gov/calendar)